

SENP PLAN BONDYE LA SOTI NAN deliver Liv Jan I

Entwodiksyon

1 John 5:13 M'ap ekri nou lèt sa a, nou menm ki kwè nan Pitit Bondye a pou nou ka konnen nou gen lavi ki p'ap janm fini an..”

I Nou tout fè peche.

I Liv Jan 1:8 Si nou di nou pa gen peche, se tèt nou n'ap twonpe. Verite a pa nan nou.

1 Liv Jan 5:16-17 If any man see his brother sin a sin which is not unto death, he shall ask, and he shall give him life for them that sin not unto death. There is a sin unto death: I do not say that he shall pray for it. All unrighteousness is sin: and there is a sin not unto death.

1 Liv 3:6 Konsa, si yon moun fè yonn ak Kris la tout tan, l'ap sispann viv nan peche. Moun ki kontinye ap fè peche toujou, se moun ki pa janm wè l', ki pa janm konnen li.



Nou tout fè peche.

2. Lanmò Etènel se sa nou jwenn pou peche nou yo.

I Liv 5:19 - Nou konnen nou se moun Bondye. Men, tou sa ki sou latè anba pouvwa Satan.

I Liv 5:12 - Moun ki gen Pitit la, yo gen lavi sa a tou. Men, moun ki pa gen Pitit Bondye a, yo pa gen lavi sa a non plis.

1 Liv 3:15 Tout moun ki rayi frè yo, se ansasen yo ye. Nou konnen yon ansasen pa gen lavi ki p'ap janm fini an nan li.

3. Jezi te mouri sou lakwa, li pran pèn ke nou te merite-a ki se lanmò.

1 Liv 4:10 Men kisa renmen an ye: Se pa nou menm ki te renmen Bondye, se li menm pito ki te renmen nou, ki te voye Pitit li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo, gremesi Pitit la.



Mete konfyans ou nan Kris la pou kont li!

1 Liv 4:2-3 Men ki jan nou ka konnen si yon lespri soti nan Bondye: tout moun ki di Jezikri te yon moun tout bon, se moun ki gen lespri ki soti nan Bondye a. Men, si yon moun refize rekonèt Jezi te yon moun tout bon, moun sa a pa gen lespri ki soti nan Bondye a. Lespri li genyen an soti nan moun k'ap goumen ak Kris la. Yo te di nou moun k'ap goumen ak Kris la te gen pou l' te vini. Enben, koulye a li deja nan lemonn.

1 Liv 5:11 Men pawòl verite a: Bondye ban nou lavi ki p'ap janm fini an. Se nan Pitit li a li ban nou li.

4. Disponib si-w met konfyans ou nan Jezikri kòm sovè-w.

1 Liv 5:14-15 Se poutèt sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou konnen l'ap koute nou si nou mande l' kichòy ki dakò ak volonte li. Konsa, non sèlman nou konnen l'ap koute nou lè nou fè l' yon demann, men nou konnen tou l'ap ban nou sa nou mande l' la.



Si ou vle asepte Jezikri kòm sovè-w e resevwa padon nan Bondye. Men priyè ou kapab priye. Di priyè sa ou nenpòt lòt priyè p'ap ka sovè-w. Se sèlman kwè nan Jezikri ki kapab founi padon peche-w yo. Priyè sa se senpleman yon fason pou pale ak Bondye, mete lafwa nan li e remèsyè-l pou pwovisyon padon sa-a ke-l fè pou nou.

Bondye,

mwen konnen mwen peche kont ou e-m merite kondanasyon. Men Jezikri te pran kondanasyon kem te merite donk atravè lafwa nan li, m' kapab padonnen. Mwen mete konfyans nan ou pou sovè-m. Mèsi pou gras ak padon mèvèye ou yo! Amèn.